# Densawlıqtı saqlaw ministriniń xalqımızǵa rásmiy bayanatı

**Hámmemizge belgili, 2019-jıldıń dekabr ayı ortalarında Qıtayda jabayı haywan hám teńiz haywanları satıwshılarınıń bir toparında ótkir dem alıw jolları kesellikleri, grippke uqsas belgileri menen keseller anıqlanıp, rawajlanıw nátiyjesinde bir neshe mámleketlerge tarqalıp ketken edi.**

Image not found or type unknown

“COVID-19” atlı usı keselliktiń aldın alıw ushın Qıtayda júdá kóp orınlı emlewxanalar qurılǵan edi, kóplegen dúnya mámleketleri karantin járiyaladı, yaǵnıy shegaralardı jabıw, ǵalaba ilajlardı biykar etiw, oqıw orınların waqtınsha jabıw hám basqa kóplegen is-ilajlardı ótkergen edi.

Karantinge ámel etiw, yaǵnıy keselliktiń tarqalıwına jol bermew ushın berilgen barlıq usınıslarǵa ámel etiliwi nátiyjesinde 10-mart kúnine kelip Qıtayda koronavirusqa shalınǵan 13 mıńnan zıyat adamlardı emlegen 16 emlewxana keseller táwir bolıp ketkenligi ushın jabıldı, virus penen keselleniw derlik jaqsı tárepke ózgermekte.

Tilekke qarsı, Watanımızda da usı kesellik anıqlandı. Kesellik anıqlanǵan hayal hám onıń menen baylanısta bolǵanlardıń hámmesi anıqlanıp, ayrıqsha bólek arnawlı orında, basqalarǵa kesellik juqpaytuǵın orında emlenbekte, biraq abaylı bolıw hesh kimge zıyan etpeydi.

Belgili bolǵanınday, házir dúnya boylap koronavirus infekciyasınıń (COVID-19) tarqalıwı xalqımızdı da qáweterge salmaqta. Usı múnásibet penen, Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi hám Qaraqalpaqstan Respublikası Sanitariya-epidemiologiyalıq tártipti saqlaw agentligine bul boyınsha islenip atırǵan karantin hám profilaktika ilajları boyınsha qosımsha wazıypalar da belgilendi.

Mámleketimizge koronavirus infekciyası (COVID-19) ńıń kirip keliwi hám aldın alıw boyınsha Dúnya júzilik densawlıqtı saqlaw shólkemi usınısları tiykarında qatań ilajlar

kórilmekte.

Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi bir qatar ministrlik hám shólkemler menen birgelikte bul boyınsha tiyisli usınıslar islep shıǵılıp, birge iskerlik kórsetpekte. Emlew-profilaktika orınlarında joqarı kompetenciyaǵa iye, yaǵnıy oqıtılǵan qánigelerimiz bar. Jáne, hár bir emlewxanada dezinfekciya, individual qorǵanıw quralları hám dári-dármaqlar qorı jaratılǵan hám puqta tayarlıqlar kórilgen.

Koronavirus infekciyası tarqalıwınıń aldın alıw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Bas ministri Abdulla Aripov basshılıǵında jıynalıs bolıp ótti. Onda bir qatar qatań is-ilajlar belgilendi.

Sonıń ishinde, mámleketimizdegi barlıq mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri, ulıwma bilim beriw mektepleri hám joqarı oqıw orınlarına usı jıl 16-mart kúninen baslap dem alıs beriledi. Nawrız ulıwmaxalıqlıq seyilleri de biykar etiledi. Ǵalabalıq máresimler, sonıń ishinde, kókpar-ılaq oyınları, gúres hám basqa adamlar kóp toplanatuǵın ilajlar waqtınsha toqtatıladı.

Bunnan tısqarı, Ózbekstannıń sırt mámleketler menen avia hám avtomobil qatnawı toqtatıladı. Elimiz puqaralarınń shet mámleketlerge shıǵıwı, shet mámleketlerdiń puqaralarınıń mámleketimizge kiriwi qadaǵan etiledi.

Húkimet karantin waqtında baha-nırqlardı tiykarsız kóteriw jaǵdaylarına qarsı keskin sharalar kórmekte. Buǵan prokuratura qasındaǵı departament hám Mámleketlik salıq komiteti juwapker etip bekitilgen. Azıq-awqat hám basqa qorlar jeterli dárejede tolıqtırılǵan.

Sonday-aq, karantin waqtında jalǵan hám tekserilmegen, adamlarda hawlıqpa oyatatuǵın xabarlar tarqatqan shaxslarǵa qarata ámeldegi nızamshılıq sheńberinde jınayıy juwapkershilikke deyingi bolǵan sharalar kóriledi.

Esletip ótemiz, usı jıldıń 15-mart kúni Respublika Virusologiya institutı laboratoriyasında Franciyada bolıp qaytqan bir Ózbekstan puqarasında COVID-19 koronavirus infekciyası anıqlanǵan edi. Házir de epidemiologiyalıq sorastırıw hám kesellikti tarqalıp ketpewi ushın barlıq profilaktikalıq is-ilajlar tolıq ámelge asırılmaqta. Qadaǵalaw kúsheytilmekte. Sonıń menen birge, nawqas penen birge baylanısta bolǵan barlıq shańaraq aǵzaları da respublika Virusologiya ilimiy tekseriw institutı klinikasında jatqarıldı. Qánigelerimiz tárepinen olarǵa medicinalıq qadaǵalaw ornatılıp, qánigelesken laboratoriyalıq analizden ótkerildi. Analiz nátiyjeleri nawqastıń ómirlik joldası, ulı, qızı hám aqlıǵında koronavirus infekciyası bar ekenligin kórsetti.

Sonday-aq, Istanbul – Tashkent jónelisindegi 274-reys penen kelgen Ózbekstan puqarasında da infekciya anıqlandı.

Koronavirus infekciyası kirip keliwi hám tarqalıwınıń aldın alıw boyınsha usınıslar:

‒ qollarıńızdı sabın menen jaqsılap tez-tezden juwıń;

‒ júz hám kózińizdi qol menen ısqılamań;

‒ imkanı barınsha adam kóp jıynalatuǵın jámiyetlik orınlarǵa barıwdan tıyılıń;

‒ haywanlarǵa qol tiygiziwden saqlanıń;

‒ kópshilik paydalanatuǵın predmetlerdi uslaǵanıńızda qolıńızdı antiseptik qurallar arqalı dezinfekciya etiń;

‒ jótelgende, murın aqqanda hám túshkirgende awız benen murındı búgilgen shıǵanaq, jeń yaki salfetka menen jabıń. Soń paydalanılǵan salfetkanı taslandı qutısına taslań hám qolıńızdı juwıń;

‒ ayazlaw hám gripp belgileri bar adamlar menen baylanısta bolıwdan tıyılıń;

‒ keselliktiń dáslepki belgileri bayqalǵanda, úyde qalıń hám dárhal shıpakerge múrájat etiń.

‒ bólmelerińizdi turaqlı samallatıp turıń.

Usı orında Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi xalıqtı hawlıqpaǵa túspegen halda, joqarıda keltirilgen usınıslarǵa tolıq ámel etip, ózińiz hám jaqınlarıńızdıń densawlıǵına itibarlı bolıwǵa shaqırıp qaladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministri

D.Xodjiev

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti